



Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman

Yo te rapòte 28 lanmò nan tout eta a nan 10 novanm

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Mwa novanm sa a, Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi pou yo sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rete ajou nan dòz vaksen yo, epi fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Hochul te lanse yon [kanpay sansibilizasyon piblik](#), kote Komisè Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, t ap pale dirèkteman ak Nouyòkè yo sou twa viris - Viris Respiratwa Sensityal (Respiratory Syncytial Virus, RSV), grip ak COVID-19 - kounye a ap sikile nan eta a ak sentòm similè e ak potansyèl pou lakòz maladi grav. Pwodui pa Depatman Sante Eta New York, videyo yo gen ladan yon [klip kout](#) ak yon [vèsyon ki pi long](#) ki destine vè paran yo; ak yon vèsyon ki vize espesyalman pou [founisè swen sante yo](#).

Gouvènè Hochul kontinye raple Nouyòkè yo ke timoun ki gen laj 5 ane oswa plis ka kounye a resevwa [vaksen dòz rapèl bivalan](#) ke yo rekòmande pou ogmante pwoteksyon kont COVID-19.

Gouvènè a kontinye ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran vaksen kont grip anyèl pa yo pandan [sezon grip la deja pwopajen](#) nan tout Eta New York. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje ansanm, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a ap kontinye [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa ak plis. Piblisite nan lang angle ak espanyòl yo te kòmanse difize nan mwa sa a.

Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines/](https://www.vaccines.gov/find-vaccines/).

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

1. **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun** - 13.04
2. **Kantite Ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou** - 18.90
3. **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 37,853
4. **Total Pozitif** - 2,548
5. **Pousantaj pozitif** - 5.97%**
6. **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 5.92%**
7. **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,714 (-108)*
8. **Pasyan ki Fèk Entène** - 422*
9. **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 291 (+5)*
10. **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 95 (-2)*
11. **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 360,945 (+490)*
12. **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS**- 28*
13. **Etablisman swen sante yo rapòte total lanmò yo atravè HERDS** - 59,066*

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitive.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Nòt Enpòtan: Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan

chanjman nan pratik tès yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitive.

- **Kantite lanmò total CDC rapòte ak konpile - 75,398**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

REJYON	Vendredi 11 novanm 2022	Samdi 12 novanm 2022	Dimanch 13 novanm 2022
Capital Region	12.43	11.75	11.11
Central New York	10.46	9.69	9.12
Finger Lakes	10.98	10.87	10.63
Long Island	23.60	23.36	22.96
Mid-Hudson	18.68	17.63	17.26
Mohawk Valley	10.98	10.21	9.63
New York City	24.99	24.43	24.09
North Country	11.49	10.13	9.68
Southern Tier	14.13	12.98	12.59
Western New York	10.73	9.94	9.55
Nan tout Eta a	19.91	19.29	18.90

Pousantaj rezilta tès pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

Rejyon	Vendredi 11 novanm 2022	Samdi 12 novanm 2022	Dimanch 13 novanm 2022
Capital Region	6.06%	5.77%	5.40%
Central New York	4.73%	4.45%	4.20%
Finger Lakes	4.81%	4.78%	4.67%
Long Island	5.82%	5.85%	5.87%

Mid-Hudson	6.16%	6.11%	5.93%
Mohawk Valley	5.16%	4.74%	4.56%
New York City	6.30%	6.32%	6.34%
North Country	5.43%	4.91%	4.65%
Southern Tier	6.33%	5.83%	5.71%
Western New York	6.47%	6.13%	5.92%
Nan tout Eta a	6.04%	5.98%	5.92%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Pousantaj rezilta tèl pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

Minisipalite nan NYC	Vendredi 11 novanm 2022	Samdi 12 novanm 2022	Dimanch 13 novanm 2022
Bronx	6.65%	6.73%	6.68%
Kings	6.30%	6.28%	6.26%
New York	5.66%	5.72%	5.74%
Queens	6.80%	6.84%	6.92%
Richmond	5.47%	5.36%	5.43%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Yè, te gen 2,548 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,218,033. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	75,234	23
Allegany	10,375	-
Broome	56,047	16
Cattaraugus	18,599	2
Cayuga	19,569	2
Chautauqua	28,334	7
Chemung	25,613	10
Chenango	11,343	5
Clinton	21,424	7
Columbia	13,041	2
Cortland	12,805	3

Delaware	9,654	1
Dutchess	79,514	38
Erie	258,469	54
Essex	7,300	1
Franklin	11,643	3
Fulton	15,896	4
Genesee	15,992	1
Greene	10,380	1
Hamilton	1,046	-
Herkimer	16,820	1
Jefferson	25,543	10
Lewis	7,057	1
Livingston	13,835	7
Madison	16,197	6
Monroe	183,709	58
Montgomery	14,441	-
Nassau	512,253	230
Niagara	57,420	12
NYC	2,890,389	1,410
Oneida	66,266	14
Onondaga	137,398	23
Ontario	24,894	14
Orange	130,573	47
Orleans	10,116	3
Oswego	33,162	3
Otsego	12,692	4
Putnam	29,506	13
Rensselaer	40,015	20
Rockland	111,580	44
Saratoga	58,842	14
Schenectady	41,764	5
Schoharie	6,295	1
Schuyler	4,200	-
Seneca	7,300	3
St. Lawrence	25,474	5

Steuben	24,283	5
Suffolk	529,606	239
Sullivan	23,059	8
Tioga	13,459	7
Tompkins	25,398	2
Ulster	40,572	22
Warren	17,927	7
Washington	15,005	2
Wayne	20,953	7
Westchester	313,830	117
Wyoming	9,652	1
Yates	4,270	3

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	125	79	63.2%	46	36.8%
Central New York	89	45	50.6%	44	49.4%
Finger Lakes	284	85	29.9%	199	70.1%
Long Island	479	228	47.6%	251	52.4%
Mid-Hudson	289	120	41.5%	169	58.5%
Mohawk Valley	35	18	51.4%	17	48.6%
New York City	1,119	464	41.5%	655	58.5%

North Country	53	24	45.3%	29	54.7%
Southern Tier	91	19	20.9%	72	79.1%
Western New York	150	72	48.0%	78	52.0%
Nan tout Eta a	2,714	1,154	42.5%	1,560	57.5%

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: [Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\).](#)

Jou jedi 10 novanm an, te gen 28 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 59,066. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Albany	1
Bronx	1
Broome	1
Clinton	1
Jefferson	1
Kings	4
Nassau	1
New York	1
Niagara	1
Onondaga	1
Ontario	1
Oswego	2
Queens	5
Saratoga	1
Schenectady	1
Schuyler	1
Suffolk	4
Montan Total	28

Nòt Enpòtan: Koleksyon done HERDS ki soti nan etablisman swen sante yo aktyèlman pa obligatwa nan wikenn yo oswa nan jou konje yo. Sondaj la ap rekòmanse jodi a epi done etablisman/lanmò yo pral parèt nan rapò demen an. Kantite ki gen yon asteriks anba yo te rapòte nan jedi 10 novanm.

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418